




REKONSTRIKSYON PEYI D'AYITI

ANN REKONSTRI
ANSANM
SIS PREMYE MWA
FONKSYONMAN FON
REKONSTRIKSYON
PEYI D'AYITI



Haiti Reconstruction Fund Secretariat
Nouvelle Primature
Port au Prince, Haiti
Tel: (509) 2519-3131


Email: info@haitireconstructionfund.org
www.haitireconstructionfund.org
www.fondsdereconstructiondhaiti.org



Fonds de Reconstruction d'Haiti
Fonds pour le redressement, la reconstruction et le développement d'Haiti



Foto ki sou paj kouveti a se yon koutwazi Louise Botkay Courcier, Evelyn Ancion Dégraff, Daniel Desmarais, IOM (www.citizenhaiti.com), Suranga Mallawa, UNOPS, Elisabeth Slåttum



anwo a dwat: Koutwazi Oscar Emerson,
VIVA RIO, (www.vivario.org.br)
anwo: Koutwazi Gary Lesperance

*Pwosesis rekonstriksyon an dwe
gen plis pote kole, transparans
ak kolaborasyon nan mitan
ayisyen yo, gouvenman yo ak
kominote entenasyonal la."*

**JEAN-MAX BELLERIVE,
KO-PREZIDAN CIRH AK PREMYE MINIS**

Ou ka jwenn tout rapo a nan adres sa a www.fondsdereconstructionhaiti.org

PWEN KI PI ENPÒTAN

Panda sis premye mwa fonksyònman, Fon pou Rekonstrisyón D'Ayiti a te vin tounen:

- **Pi gwo sous finansman ki pa pwograme** pou rekonstriksyon peyi d'Ayiti
- **Yon patenarya** Gouvènman peyi d'Ayti t ap mennen ansanm ak Komisyón Enterimè pou Rekonstrisyón Ayiti
- **Yon mekanism efikas** pou ranmase lajan (US\$267 milyon rive jounen Jodi a) epi bay finansman pou rekonstriksyon an (US\$193 milyon pandan sis premye mwa yo)
- **Yon mwayen pou regle pwoblèm finansman estratejik** nan lide pou rive jwenn yon repriz byen balanse

POU KISA YO KREYE HRF?

Tramblemandtè krazebrize 12 janvye a an Ayiti te kreye yon gwo mobilizasyon sipò entènasyonal. Kit se te Gouvènman yo, antite prive, ONG, ajans kredi ak ajans miltilateral toupatou sou late, yo tout te mobilize anpil kantite mwayen pou pote sekou epi ede rekonstriksyon an. Kèk nan òganizasyon sa yo ki gen kapasite te vle jere pwòp resous yo sou teren an ansanm ak Gouvènman peyi d'Ayiti (GoH). Lòt yo te pito marye sipò yo ak jefò plizye donatè t ap fè pou ede jwenn lajan pou rekonstriksyon an.

Pou reponn a demand GoH a te fè nan mwa Mas 2010, Bank Entè-Amerikèn pou Devlòpman (BID), Nasyon Zini e Bank Mondyal ansanm ak donatè ki t ap bay lajan yo, te kreye yon fon ki ranmase kontribisyon yo tout ansanm. Fon sa rele Fon pou Rekonstrisyón d'Ayiti (HRF). Wòl HRF la se finanse Plan d'Aksyon pou Rekonstriksyon ak Devlòpman Nasyonal peyi d'Ayiti a ak lòt aksyon ankò ke GoH vin genyen apre tranblemandtè a. Jan GoH's te mande l, se Asosyasyon Entènasyonal pou Devlòpman (IDA) ki nan pami

Gwooup Bank Mondyal la, ki jwe wòl Fidisye pou Fon sa a. Sòti Mas rive Jen 2010, Bank Mondyal te travay ak GoH, BID, UN ansanm ak donatè yo pou kreye yon estrikti pou jere epi mobilize resous dekwa pou HRF rive fonksyone.

KIJAN HRF TRAVAY ?

Objektif Fon an se mobilize, kòdone epi bay yon pati nan kontribisyon yo pou lavi miyò epi pou ranfòsman enstitisyonèl Gouvènman peyi d'Ayiti sou yon tan ki long. Pou rive jwenn objektif sa a, HRF fè kòdinasyon aktivite li yo ak Gouvènman peyi d'Ayiti, espesyalman ak Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon D'Ayiti (CIRH). HRF se yon fon fidisyè plizyè donatè ke IDA ap jere an tan ke fidisyè. Se yon rezèvwa kontribisyon donatè yo fè pou finanse aktivite priyoritè yo ki jwenn konsantman CIRH ansanm ak Komite Direktè HRF la.

HRF prevwa finansman pou pwojè ak pwogram k ap pote boure nan Plan d'Aksyon pou Rekonstriksyon ak Devlòpman Nasional Gouvènman peyi d'Ayiti a. Tout pwopozisyon ki ap prezante pou chèche jwenn finansman nan men HRF, dwe reponn a kondisyon sila yo:

- Jwenn konsantman CIRH;
- Konfòm ak Plan Gouvènman peyi d'Ayiti a pou Rekonstriksyon an oubyen ak yon dokiman menm jan an sou rekonstriksyon ak devlòpman ki jwenn

- konsantman Gouvènman peyi d'Ayiti;
- Fèt pou koresponn a yon bezwen es-tratejik nan rekonstriksyon an;
 - Konfòm ak politik Fon an ansanm ak estrateji yo (ki kapab chanje tanzan-tan);
 - Pèmèt yon rekonstriksyon efikas, rapid e dirab peyi D'Ayiti, e aksyon sa yo dwe reyalize nan tan ki prevwa pou Fon an ekziste (Jen 2010 – Desanm 2017);
 - Dwe prepare dapre ti nòt CIRH la sou modèl Prezentasyon Elaborasyon Pwojè; epi
 - Dwe konfòm nèt ak politik Antite Patnè a ansanm ak pwosedi epi manda Konsèy administrasyon an.


Pou yo aksepte bay finansman an, sa pran sis etap senp. Pou mande yon finansman HRF, yon ajans dezekisyon ak Antite Patnè li, ap soumèt ansanm swa yon nòt konsepsyon sou pwojè a (PCN) ki respekte modèl CIRH la oubyen yon dokiman pwojè konplè pou CIRH bay dizon l. Apre sa, CIRH ap voye pwojè li aksepte yo bay Komite Direktè HRF la (SC) pou revizyon ak finansman an. Pou pwopozisyon pwojè konplè yo, yon fwa SC la dakò e depi CIRH fin bay konsantman l sou kantite resous k ap bay, fon yo ap transfere bay Antite Patnè a pou egzekite pwojè a san pèdi tan. Pwopozisyon etap PCN yo ap jwenn yon aval sou kondisyon. Yo ap gen pou jwenn aprobasyon final la sèlman lè dokiman kon-

plè pwojè a prezante bay SC pou konsantman l e annapre bay CIRH pou konsantamn final la. Men etap sa yo ansanm ak règ pou bay bonjan rezulta HRF la fikse, ki prezante nan Desen 1 an.

Yo kapab finanse yon seri aktivite pou rive jwenn objektif Fon. Aktivite sa yo se sitou: (a) asistans teknik ak ranfòsman enstitisyonèl; (b) envestisman nan enfrastrikti; (c) bay sèvis debaz yo; (d) devlòpman kominotè; (e) pwoteje anviwònman an e lapwoptay; (f) aktivite ki rapòte lajan; ak sipò bidjetè (g). Aktivite yo kapab ge-nyen tou yon oubyen plizye enstalasyon pou monte ti èd lajan pou kenbe aktivite sa yo. Komite Direktè HRF kapab aksepte lòt aktivite ankò si yo ale lan sans manda Administratè Fon an.

Estrikti HRF la gen ladan yon Komite Direktè, Antite Patnè yo, yon Fidisye ak yon Sekretarya. Desen 2 an montre ki rapò ki genyen ant yo. Komite Direktè a se li gou-vènay Fon a e li responsab aksepte politik HRF yo ak pwosedi li yo, deside kijan mwayen yo ap separe epi bay dizon l sou rapò finansye ak avansman aktivite yo. Tout pwopozisyon Komite Direktè ap gen pou l egzamine, dwe jwenn avan sa aval CIRH e se li menm k ap fè demand la devan Komite a. Se Minis Finans GoH la k ap prezide Komite Direktè a e se desizyon tout reprezantan GoH yo ak prensipal do-

DESEN 1: DYAGRAM PWOSESIS POU JWEN APROBASYON FINANSMAN HRF





anvo a dwat: Koutwazi
Daniel Desmarais, IOM
(www.citizenhaiti.com)
anvo: Koutwazi Suranga
Mallawa, UNOPS
anvo: Koutwazi Louise
Botkay Courcier




natè k ap kontribye pou piti US\$30 milyon, ki konpoze Komite a. Reprezantan Antite Patnè yo ak Fidisye a, yo menm se manm ki pa pran desizyon yo. Reprezantan obsèvètè yo se reprezantan sosyete sivil la, sektè prive a, dyaspora, otorite lokal yo ak ONG entènasyonal yo.

KI KOTE RESOUS HRF YO SÒTI?

Rive nan mitan Desanm 2010 la, douz donatè te siyen ak Fidisye a yon seri Akò Jesyon oubyen Aranjman pou yon valè total

US\$267 milyon lan benefis HRF la. Nan lajan sa a, US\$265 milyon te transfere bay Fidisye a ki te resevwa l. Peyi Brezil te premye donatè Fon an apre l te fin siyen yon Akò Jesyon epi bay yon kontribisyon US\$55 milyon jou ki te 11 Me 2010. Etazini ak yon a kontribisyon US\$120 milyon te pi gwo donatè Fon an. Chak donatè ki bay oubyen ki pran angajman pou l bay (nan siyen yon Akò Jesyon) yon minimòn US\$30 milyon, vin yon manm ki gen dwa vote nan Komite Direktè HRF la. Rive jounen jodi a, gen kat

DESEN 2: ESTRIKTI K AP DIRIJE HRF LA



*Yo kapab pwopuze lòt Antite Patnè depi Fidisye a dakò sou baz minimòn règ fidisyè ak garanti epi tou Komite Direktè a bay konsantman l.

**Antite Patnè yo ap gen pou travay ak youn oswa plizyè Ajans Egzekisyon ki jwenn otorizasyon dapre pwòp règ ak pwosedi Antite Patnè yo pou reyalize aktivite rekonstriksyon ak devlòpman yo.

donatè - Brezil, Kanada, Nòvèj ak Etazini – te bay kontribisyon pa yo nan Fon pou yon valè US\$30 milyon oswa pi plis. Ti donatè yo kapab met resous yo ansanm pou rive valè sa a epi jwenn yon plas nan Komite Direktè a.

Pou koulye a, Fidischè a ap finalize Akò Je-syon yo/Aranjman yo ak sis lòt nouvo donatè pou met plis kontribisyon nan Fon an pou yon valè total US\$67 milyon. Kèk peyi ki te deja ap bay HRF lajan, sitou Kanada, Lafrans, Nòvèj ak Etazini, te di yo gen lentansyon bay Fon an lòt kontribisyon lajan.

Komite Direktè a deja angaje 70% resous yo nan aktivite rekonstriksyon. US\$187 milyon deja ale nan aktivite egzekisyon, US\$4.5 milyon al pou paye salè epi yo te konsanti US\$1.6 milyon pou kouvri depans Fidischè a ak Sekretaryat a pou peryòd sòti 1 Jiyè 2010 rive 30 Jwen 2011. Nan US\$187 milyon yo te aksepte pou finansman, gen 19% ki pase nan men BID antan ke Antite Patnè, 30% pase nan men UN, epi 51% pase pa Bank Mondyal.

KISA HRF REYALIZE JOUK JOUNEN JODI A?

Depi sis mwa li te kreye, HRF demontre li se yon zouti efikaz pou reponn san pèdi tan a bezwen finansman estratejik yo. Pandan sis mwa, Komite Direktè a rive plase US\$187 milyon nan 11 pwojè kote ki te manke finansman. Plasman sa yo te fèt nan domèn

sa yo: rekonstriksyon (US\$107 milyon pou twa pwojè), administrasyon piblik (US\$25 milyon pou apui bidjetè), rediksyon risk desas (US\$24 milyon pou twa pwojè), relans finansyè ak ekonomik (US\$18 milyon pou de pwojè), ledikasyon (US\$10 milyon pou yon pwojè) epi devlòpman vil yo (US\$8 milyon pou yon pwojè). Desizyon finansman HRF yo rezime nan Tablo 1 an.

Sou jan HRF bay repons san pèdi tan, sa montre ke Komite Direktè a men jan ak Sekretarya a yo respekte règ bay bonjan rezulta, sa vle di:

- Egzamine san pèdi tan epi bay dizon yo sou pwojè yo, nan yon tan ki pa depase sink jou ouvrab pou chak etap nan pwosesis aprobasyon an
- Pwograme chitatpale Komite Direktè HRF yo menm jou oswa yon jou apre reyinyon Konsèy CIRH la, dekwa pou fon yo debloke san pèdi tan pou pwojè CIRH fin aksepte yo.
- Sèvi ak pwòp règleman e pwosedi Antite Patnè yo genyen, sa vle di ekri pwojè yo senp, sèvi ak pwosedi aprobasyon dijans, pwosesis senplifye pou achte epi pwosedi jesyon lajan.

Yo kapab fè amelyorasyon pou rive jwenn pi bon randman, tankou yon kolaborasyon pi rapwoche avèk CIRH sou seri pwojè HRF pral finanse yo epitou pou Antite Patnè yo prepare pi vit pwopozisyon konplè pwojè

TABLO 1: FON POU REKONSTRISYON AYITI - DESIZYON FINANSMAN KIMILE (AN US\$ MILYON)

RIVE JOUK DAT 16 DESANM 2010

AKTIVITE

PWOJÈ YO	TIT	ANTITE PATNÈ	
	Operasyon d'Ijans pou Politik Devlopman an Ayiti	WB	25.00
	Ed Bidjetè	WB	5.00
	Pwogram pou tabli yon pòson Fon Garanti pou Kredi	IDB	12.50
	Pwojè Jesyon Dekomm	UN	15.68
	Pwogram pou Devlopman Dirab Sidwès d'Ayiti a/	UN	7.40
	Rediksyon Risk Desas nan Depatman Sid la a/	UN	7.40
	Bès Desas Natirèl nan Depatman Sid la a/	IDB	14.00
	Rekonstriksyon nan Sektè Lekidasyon an a/	IDB	10.00
	Ranfòsman entisyonèl pou Jere Risk Desas yo a/	UN	1.85
	Demolisyon ak Ranmase Dekomm ak Ekipman Lou a/	UN	23.13
	Pwojè Rekonstriksyon lojman nan vwazinaj Pòtoprens a/	WB	65.00
		Sub-total	186.97
FEES	Pwojè Jesyon Dekomm	UN	1.27
	Pwogram pou Devlopman Dirab Sidwès d'Ayiti a/	UN	0.60
	Rediksyon Risk Desas nan Depatman Sid la a/	UN	0.60
	Ranfòsman entisyonèl pou Jere Risk Desas yo a/	UN	0.15
	Demolisyon ak Ranmase Dekomm ak Ekipman Lou a/	UN	1.87
		Sub-total	4.48
ADMINISTRASYON	FY11 Sekretarya		1.00
BIDJÈ YO	FY11 Fidischè		Sub-total 1.59
		TOTAL	193.04

a/ Yo mete sou kote montan lajan yo apre Komite Direktè HRF la te fin aksepte dokiman Pwojè a Nòt e depann si Komite Direktè a aksepte dokiman konplè pwojè a e si annapre CIRH bay aprobasyon final la.

yo, yon jan pou aprobasyon Komite Direktè a ak CIRH bay pi vit e pou pwojè yo kòmanse egzekite pi bonè.

Yon mwayen pou mezire randman HRF la, se konpare li ak lòt fon apre desas epitou fon plizye donatè bay apre lagè. Si n ap konpare randman fon sa yo yon lane apre ak fon HRF apre sis mwa, HRF ap byen mache sou kesyon sa yo: a) pousantaj demand finansman ki trete yo (70% nan fon yo resevwa yo deja jwenn konsantman moun ki pral reyalize aktivite yo); b) mobilization resous yo (donatè yo pran angajman epi transfere US\$265 milyon bay HRF; se selman Fon pou Reskonstriksyon Irak ki te fe plis pandan peryod douz mwa a); epi c) vîtes dekesman Fon pou pwojè yo aksepte yo (Fond pou Rekonstriksyon Ayiti se youn nan premye yo ak yon to de 13 pou san peman).

Jounen jodi a, HRF transfere Fon pou pèmèt chak Antite Patnè egzekite aktivite li yo. Pandan operasyon sa yo ap fèt tanmen sa fè kèk mwa, rezulta yo pa gwo men nou ka site:

- Yon pòsyon nan Fon Garanti pou Kredi a te lanse jou ki 16 Desanm 2010 la pou ede PME ayisyen yo pou yo rive rekaptalize tèt yo;
- Yo te chwazi yon Pwojè Jesyon Dekomm nan kèk zòn, pase kontra pou jwenn gwo ekipman lou epi mande ONG yo

rezante dokiman pwojè yo dekwa pou jwenn finansman nan pwojè sa a; epi

- Yon Operasyon dijans pou politik devlòpman an te bay yon apui bidjetè pou ede konble defisit finansye GoH an FY10 epi reyalize refòm nan kèk politik.

Menmsi Fon Rekonstriksyon D'Ayiti a fèk tanmen, gen kèk lesoun nou ka tire. Lesoun sa yo gen pou wè ak valè dirijan Ayisyen yo, jan yo bay finansman estratejik, enpòtans yon estrateji finansman, souplès priz desizyon yo, ratyonalite ak chwa yo. Dezyèm mwatye nan premye lane fonksyònman HRF la pral chita sou pwen sa yo: a) satisfè demand CIRH la fè pou bezwen finansman priyorité yo; b) mobilize lòt kontribisyon anplis, antre ladan donatè ki pa tradisyonèl yo; epi c) siveye vîtes egzekisyon an ansanm ak enpak pwojè sou teren an.



POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Haiti Reconstruction Fund Secretariat

Nouvelle Primature
Port au Prince, Haiti
Tel: (509) 2519-3131

Email: info@haitireconstructionfund.org
www.haitireconstructionfund.org
www.fondsdereconstructionhaiti.org



Koutwazi Oscar Emerson, VIVA RIO
(www.vivario.org.br)